

Beades Bridge Reconstruction

Dorchester, Massachusetts



Apèsi sou Pwojè a

Pou John J. Beades la ap sèvi koridò Morrissey Boulevard la depi 1927. Menm si Komisyon Distri Metwopolitèn nan (MDC) te idantifye rekonstriksyon konplè kòm pi bon solisyon an nan ane 1998, pon an te resevwa yon reparasyon enpòtan ki te koute 9.1 milyon dola an 2002 nan men siksesè MDC a, Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon (DCR) an. Nan ane 2023, MassDOT te lanse yon pwojè rekonstriksyon konplè pou li te bay yon bon wout ki fyab ki ka amelyore sekirite pou moun ki sou bisiklèt, moun ki sou machin, ak pyeton, pandan y ap kenbe aksè pou bato yo pase alèz. Morrissey Boulevard se pou DCR, men Pon Beades la li menm se pou MassDOT Highway Division epi se li ki jere l. Objektif pou nouvo pon an te gen ladan l pou bay yon bon sekirite modèn, epi kapte dlo lapli ki soti sou wout la, epi leve wout travès la pi wo pase nivo inondasyon an alavni pou li ka diminye difikilte pou vwazen yo ak vwajajè nan rejyon an, pandan y ap respekte objektif rezistans klimatik ki tabli nan rezilta Komisyon Morrissey Boulevard la jwenn yo.

Enfòmasyon Kle

- **Zòn:** Morrissey Boulevard Pase Dorchester Bay Basin, toupre Malibu Beach
- **Longè Pon ki La a Kounye a se:** 454 pye
- **Sikilasyon:** Apeprè 53,000 machin pase pa semèn pou 2024, epi kantite machin yo prèske egal nan direksyon nò ak direksyon sid
- **Itilizasyon Lanmè a:** Se 535 pou ouvèti a an 2024, epi gen plis aktivite ant mwa jen ak mwa out
- **Limit Pwojè a:** Soti nan nò rive nan twalèt Malibu Beach yo, epi nan sid jis anvan I-93.



Pati mobil Pon Beades ki la a gen gwo domaj ladan l epi li rouye.

Poukisa Rekonstriksyon an Nesesè

Beades Bridge montre laj li. Estrikti ki anlè a nan move eta, plis pati mobil la, ki ouvè fèm an ki pèmèt bato pase, vin deteryore anpil. Machin ki sèvi pou fè pon an fonksyone a, ki leve bese pati mobil la, la a depi an 1927 ak yon elajisman ki te fèt an 1953. Li montre anpil kowozyon epi li gen pyès ki pa nomal ankò oswa ki pa estanda ki koz li difisil pou yo fè antretyen ladan yo. Ensidan ki te rive dènyèmman, tankou lè pati mobil la te rete bloke tou ouvè an Desanm 2023 epi li pa t ka fèm nèt an Avril 2024, te lakòz gwo reta ak anbouteyaj nan Dorchester. Pon an pa gen kouran an rezèv, kidonk li pa ka fonksyone lè gen pàn elektrisite, epi kabin operatè pon an pa satisfè egzijans modèn yo ankò. Pandan estrikti a rete an sekirite jodi a, mank sa yo montre bezwen antretyen yo ap ogmante epi fonksyonman pon an ka vin pa fyab si yo pa rebati pasaj la nèt.


Opsyon pou Konsepsyon

MassDOT te evalye pon baskil, pon levaj vètikal la, ak pon pivotan pandan premye etap planifikasyon an. Men yo pa t konsidere opsyon pon levaj vètikal la ak pon pivotan akòz depans yo te trè epi difikilte pou yo te fè

Beades Bridge Reconstruction


Dorchester, Massachusetts

antretyen yo, Sa te lakoz yo te kite de (2) Plan devlopman sa yo you etid detaye:Devlopman: yon pon baskil mobil ak yon pon travès fiks. Toulede plan sa yo gen ladan yo twa liy wout nan chak direksyon, yon baryè santral, espas amelyore pou siklis epi pou pyeton.



Pon baskil mobil la t ap kenbe kapasite l pou yon gran ouvèti pou sikilasyon nan lanmè a, epi li t ap bay yon wout navigasyon ki gen 65 pye. Opsyon sa a prezève fleksibilite pou bato yo epi li kenbe operasyon tradisyonèl yo, men li vini ak bezwen antretyen ki plis alontèm, plis kompleksite mekanik, epi yon delè konstriksyon ki pi long.

Pon ak travès fiks la ap elimine bezwen pou pati ki deplase, epi li ap ofri yon travès prensipal 200 pye ak 30 pye wotè lib anlè nivo mwayèn gwo mare, sa ki amelyorasyon fyab ak rezistans kont chanjman klimatik. Li diminye depans antretyen, men li limite wotè bato ki ka pase anba li. Ogmantasyon nivo lanmè nan lavni ka diminye espas lib ki disponib pou bato yo pandan dire sèvis estrikti a, ki prevwa pou 100 ane



Metòd pou Konstriksyon an

Toulede opsyon yo mande pou yo konstwi yon pon tanporè ki fiks pou kenbe sikilasyon an pandan travay konstriksyon yo. Estrikti tanporè a t ap bay de (2) liy sikilasyon nan chak direksyon epi li ka mande fèmte akoutèm sou ranp ki sòti nan I-93 an nan direksyon nò. Yo estime dire konstriksyon an ka anviwon twazan edmi pou opsyon pon fiks la, epi anviwon senkan pou opsyon pon baskil mobil la. Premye analiz depans yo montre yon ekonomi apeprè swasant-dis milyon dola pou pon fiks la parapò ak pon mobil la.

Nou Vle Tande Opinyon w.

Voye komantè w pa imel ban nou nan BeadesBridge@dot.state.ma.us oswa bay kòmantè w alekri nan:

Carrie Lavallee, P.E., Chief Engineer
MassDOT
10 Park Plaza
Boston, MA 02116
Attention: MAJOR PROJECTS, Project File No. 613130

Aprann plis epi enskri pou resevwa mizajou: www.mass.gov/beades-bridge-reconstruction

Winter 2025-2026:

Advance design of bridge concepts

Spring-Summer 2026:
Public Meeting #2

Fall 2026:
Preliminary Design Development

Winter 2026:
Pre-25% Design Level Submissions and Approvals

2027:
25% Design Development